

RINGKESAN

Resti Nur'Azizah. 2019. *Palarapan Wikipédia Pikeun Ningkatkeun Kaparigelan Literasi Digital sarta Hasil Diajar Seuweu-siwi dina Materi Bakteri*. Pembimbing I Dr. Cartonno, M.Pd., M.T. sarta Pembimbing II Ida Yuyu Nurul Hizqiyah, S.Pd., M.Si.

Ieu panalunngtikan dumasar kana kasang tukang kaparigelan abad 21 sarta kamekaran digital di Indonésia. Wikipédia dilarapkeun kana pangatikan ngarupakeun tarékah pikeun ningkatkeun kaparigelan Literasi digital seuweu-siwi nu tacan kacumponan di sakuliahna sakolana séwang-séwangan, antukna jaganing géto bisa ningkatkeun hasil atikan tina tiap seuweu-siwina. Ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun mikawanoh hasil atikan ka seuweu-siwi saacan jeung sabérés nerapkeun Wikipédia kana matéri ngeunaan baktéri di SMA Pasundan 4 Bandung. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode Pre-experimental. Tina data hasil panaluntikan dicangking ku cara pretest jeunf posttest nu jumlahna 15 soal pilihan ganda, angkét, jeung lembar observasi. Data hasil panaluntikan tuluy dianalisis ngagunakeun Sofwaré IBM SPSS 20.0 for windows dumasar uji formalitas ku uji statistik Shapiro-Wilk, satuluyna dilakukeun uji hipotésis ngagunakeun one sample t-test. Dumasar hasil analisis dicangking pangajén 0,0000 atawa pangajén signifikan $< 0,05$ nu hartina hipotésis (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_0) ditolak. Hal ieu némbongkeun yén aya bédana nu signifikan kana hasil atikan ka seuweu-siwi saacan jeung sabérés pangatikan ku cara ngalarapkeun Wikipédia. Dumasar éta panalungtikan, jadi bisa dicindekkeun yén ngalarapkeun Wikipédia kana pangatikan matéri bakteri bisa ningkatkeun kaparigelan literasi digital tur hasil atikan ti seuweu-siwi.

Kecap konci: Wikipédia, Literasi Digital, Hasil Diajar, Bakteri.